

## FOM KONSANTMAN POU ELEV POU TES COVID-19

Lekòl Piblik Broward County ap ofri yon pwogram tès K-12 COVID-19 pou tout elèv k'ap fè klas Kindégadenn rive 12zyèm ane. Nou va teste ptit-ou sèlman si ou bay konsantman ou. Si se volonte ou, bay konsantman ou pou nou ka reyalize tès COVID sou ptit ou oswa sou ou-menm elèv (si elèv la gen 18 ane oswa pigran), tanpri ranpli fòm la.

### **Kisa tès la ye?**

Si ptit ou gen sentòm COVID-19 oswa fè pati yon gwoup elèv ke lekòl la deziye pou yo teste yo tanzantan, si ou bay konsantman ou, ptit ou va resevwa gratis tès pou viris COVID-19. Pou reyalize tès la, pwofesyonèl la sante va itilize yon aplikatè, ki sanble ak yon kitip, Q-Tip, ke li mete andedan pwent nen ou. Pwofesyonèl lasante nan lekòl la resevwa fòmasyon pou itilize tès sa epi yo pral kolekte espesimènn la, apresa yon administratè ki resevwa fòmasyon nan kesyon tès COVID-19 va sipèvize pwosesis la. Rezulta tès la va disponib pou paran/responsab ki siyen anba fòm sa. Nou va voye rezulta tès swa nan mesaj tèks ak/oswa imel ak/oswa rezulta tès la aksesib sou yon pòtay web ak/oswa sit Entènèt. Pwogram sa **toutafè yon opsyon**, li pa obligatwa pou elèv-yo, byenke nou swete ou chwazi pou yo teste ptit ou konsa tout moun nan lekòl nou-yo va ansekirite epi rete an sante otanke posib.

### **Kisa pou mwen fè lè mwen resevwa rezulta tès ptit mwen?**

Si ptit ou oswa ou-menm elèv (elèv ki gen 18 ane oswa plis) teste pozitif pou viris la, yo va deplase ptit ou mete li nan yon sal kote li pap bòkote ni lòt elèv-yo ni ak estaf. Ptit ou ap rete tann jiskaske wap vin chache li. Nou mande ou kenbe ptit ou lakay ou jiskaske tan enfeksyon an fin pase (apre gen gran amelyorasyon nan sentòm yo epi omwen 10 jou te fin pase apre premye sentòm yo te parèt) epi ptit ou pa kontajye ankò. Nan kèk ka enfeksyon, tès-yo pwodi kèkfwa rezulta enkòrèk – montre rezulta negativ (ki rele “fo negativ - false negatives”) nan moun ki gen COVID-19 oswa montre rezulta pozitiv (ki rele “fo pozitif”- “false positives”) nan moun ki pa gen COVID-19. Si ptit ou teste negativ men li gen sentòm COVID-19, ptit ou pa ka retoune lekòl li dwe tann dis jou fin pase apre sentòm yo te parèt epi gen gran amelyorasyon nan sentòm-yo.

### **Sentòm Konni:**

Moun ki gen COVID-19 yo rapòte yon gran varyete sentòm – konmanse ak sentòm leje rive maladi grav anpil. Sentòm-yo ka parèt 2-14 days apre yon moun espoze anba viris la. Men sentòm COVID-19:

- Santi ou gen lafyèv oswa tanperati kò mezire plis pase oswa egal 100.4 degrees Fahrenheit
- Pa ka pran gou oswa pran sant
- Tous
- Difikilte respire
- Souf kout
- Fatig
- Maltèt
- Frison
- Malgòj
- Konjesyon oswa nen ki koule
- Frisonen oswa tranble anpil
- Doulè ase enpòtan nan misk oswa doulè
- Dyare
- Noze oswa vomi

Lis sa pa enkli tout sentòm ki posib.

### **Avètisman:**

Alòske nou pran anpil prekosyon, tanpri konprann byen ni adminstratè tès-yo, Lekòl Piblik Broward County, ni mandaté li, fonksyonè, anplwaye, oswa òganizasyon ki patwone li, responsab pou aksidan oswa donmaj ki ka rive pitit ou oswa ou-menm elèv (si elèv-la gen 18 ane oswa plis), paske li dakò yo teste li pou viris la.

**KONPLETE FOM SA SI OU SE PARAN, RESPONSAB OSWA ETIDYAN ADILT****Enfòmasyon Paran/Responsab***Nou va notifye ou rezulta tès la swa nan selilè oswa imel, oswa toulede.*

<b>Paran/Responsab Ekri Non o :</b>	
<b>Paran/Responsab #Selilè/Mobil:</b> <i>Note: nou va tekste rezulta yo nan # selilè</i>	
<b>Paran/Responsab Imel Adrès:</b>	

**Enfòmasyon Timoun/Elèv**

<b>Non Timoun/Non Elèv :</b>				
<b># ID Lekòl la:</b>				
<b>Doktè/Founisè swen sante/ Nimewo telefòn:</b>				
<b>Adrès Non Ri:</b>	Vil:			Eta:
<b>Zipkòd:</b>	Peyi:			
<b>Lekòl:</b>			<b>Ane (Grade):</b>	
<b>Dat Nesans: (MM/JJ/AAAA)</b>			<b>Laj:</b>	
<b>Ras/Gwoup etnik:</b>	<input type="checkbox"/> Azyatik <input type="checkbox"/> Nwa <input type="checkbox"/> Blan		<input checked="" type="checkbox"/> Amerendyen /Endijenn <input type="checkbox"/> Enkonni	<b>Sèks:</b> <input type="checkbox"/> Gason <input type="checkbox"/> Fi <input type="checkbox"/> Lòt/Enkonni

**KONSANTMAN**

Lè mwen siyen anba a, mwen ateste ke:

- A. Mwen bay konsantman m epi otorize sistèm lekòl la kolekte spesimènn oswa teste pitit mwen oswa mwen elèv la (si elèv-la gen 18 ane oswa pi gran) pou COVID-19. Yo ka itilize yon aplikatè nan narin mwen.
- B. Mwen rekonnèt rezulta tès pozitif se yon endikasyon pitit mwen oswa mwen elèv la (si elèv la gen 18 ane oswa plis), dwe izole tèt mwen/jere tèt mwen nan konfinman (self-isolate) nan efò pou evite kontamine lòt moun.
- C. Mwen konprann sistèm lekòl pap aji kòm doktè pitit mwen, tès sa pa ranplase tretman doktè pitit mwen ka preskri, mwen asime toutafè responsabilite mwen, pou pran aksyon awopriye pou sa ki konsène rezulta tès pitit mwen. Mwen dakò pou al kay doktè pitit mwen pou yon konsiltasyon, swen ak tretman si mwen gen kesyon oswa enkyetid, oswa si kondisyon pitit mwen vin pi mal.
- D. Mwen konprann, ak nenpòt tès medikal, gen potansyèl pou fo pozitiv oswa fo negativ nan rezulta tès COVID19.
- E. Mwen konprann yo ka reyalize tès sa an plizyè okazyon diran anne eskolè 2021-2022, epi mwen otorize yo teste pitit-mwen oswa mwen-menm elèv la (si elèv la gen 18 ane oswa pi gran) diran ane eskolè 2021-2022. Mwen konprann otorizasyon sa ka anile. Mwen ka voye yon notis alekri bay sistèm lekòl la pou anile konsantman m.

Mwen, ki siyen anba, mwen konnen yon enfòme mwen sou bi tès la, pwosedi, avantaj ak risk posib tès la, epi mwen resevwa yon kopi Konsantman enfòme (Informed Consent) sa. Yo te banm opòtinite poze kesyon anvan mwen siyen, epi yo di m mwen ka poze kesyon adisyonèl nenpòt lè. Mwen bay konsantman mwen, sou volonte pa m, epi mwen dakò pou yo teste pitit mwen oswa mwen elèv la pou COVID-19.

<b>Siyati Paran/ Responsab:</b>		<b>Dat:</b>	
-------------------------------------	--	-------------	--

<b>Siyati Elèv-la:</b> <i>(si laj se 18 ane oswa plis otremen otorize pou bay konsantman)</i>		<b>Dat:</b>	
--	--	-------------	--

08/27/2021